

## Fèy Preparasyon Eskanè CT

Tanpri kontakte FCS Omwen 24 èdtan Anvan Egzamen W Lan Si W Pa Kapab Fè Randevou W Lan.

**Si w pa respekte machaswiv sa yo, sa ka retade egzamen w lan, ajoute pri epi kapasite nou pou bay oumenm ak doktè w lan rezulta yo touswit.**

Yon moun pral rele w pou konfime randevou w lan, epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

### Lavèy anvan eskanè w lan:

- Kenbe yon rejim alimantè abaz pwoteyin, tikras kaboyidrat, san sik, san fwi. Pa pran anyen sikre epi pa pran anyen ki gen lanmidon. PA pran pen, PA pran pasta, PA pran diri, PA pran pòmdetè, PA pran fwi, epi PA pran sik.
- Manje pwoteyin tankou vyann, poulè, pwason, elatriye.
- Ou ka manje tou legim, ze, salad (sèvi sèlman ak lwil oliv ak vinèg kòm vinegarèt), epi fwomaj.
- Bwè anpil dlo òdinè jiska touswit anvan lè randevou w lan.
- Evite fè twòp egzèsis nan lavèy ak nan jou eskanè w lan pou evite priz misk.
- Pa fimen / vape oswa konsome alkòl pandan 24 èdtan anvan eskanè a.**

### Nan jou eskanè w lan:

- Pa manje ni pa bwè anyen apa dlo òdinè. Pa gen kafe.
- Si w gen yon randevou nan apremidi, ou ka pran yon dejene "lejè, ki gen Anpil pwoteyin/pa pran kaboyidrat" omwen 6 èdtan anvan lè eskanè w la.
- Pa konsome chiklèt, sirèt, pastiy pou tous, ni mant. oswa mant.
- Pote nenpòt medikaman enkyetid preskri avèk ou nan eskanè a randevou epi fè teknològ la konnen ou genyen li.
- Kontinye pran tout medikaman yo nòmalman, alesepsyon ensilin.
- Pasyan dyabetik yo dwe sispann itilize ensilin 6 èdtan anvan eskanè a. Tout medikaman oral pou dyabetik ta dwe sispann jou egzamen an.*
- Mete rad ki konfòtab, cho san metal. San zip, bouton presyon ni bouton metal.
- Yon soutyen espò rekòmande pou medam yo. Pa mete soutyen ki gen fil fè.
- Retire tout bijou. Pa mete zanno, kolye, mont, bag ni bijou pèsaj.

**Tanpri rele Depatman Radyoloji a epi mande pou w pale avèk yon Teknologis pou nenpòt nan senaryo ki annapre la yo:**

- Pasyan an peze plis pase 350 liv.
- Pasyan an nan yon chèz woulant oswa sou yon branka epi li pa ka kanpe san sipò.
- Pasyan an prevwa pou l bò kote fanm ansent oswa timoun piti pandan peryòd 24 èdtan apre eskanè a.
- Yo prevwa pou pasyan an mete yon Aparèy pou Siveyans Glikoz oswa yon Enjektè Kòporèl Neulasta nan moman eskanè a.

## MACHASWIV REJIM ALIMANTÈ ESKANÈ PET/CT

### **PA MANJE/BWÈ:**

- Sik, lanmidon oswa idrat kabòn (sa vle di, diri, gress, pasta, ti biskwit, konfiti/jele, gress, farin avwàn, tout sereyal, pòmdetè, mayi, pwa)
- Siret oswa chiklèt (menm si li san sik)

- Pa pran sòs salad / Grevi
- PA pran alkòl (okenn kalite)
- Ti goute, chips, desè oswa krèm glase
- PA pran fwi ni ji fwi

- PA pran bwason gazez / Kafe / Dlo Awomatize
- Yogout
- Patisri

### BAGAY KI OK POU MANJE/BWÈ:

- DLO ÒDINÈ (PA mete sitwon, gou, ranplasan sik)
- Vyann wouj, stèk, vyann kochon (janbon/bekonn), kodenn oswa pou
- Tofou
- Pwason (pa gen pen)

- Ze ak fwomaj di
- Lwil oliv, vinèg, magarin, ak bè
- Nwa kri / natirèl, manba san sikre

- Legim vèt: leti, zukini, seleri, pwa vèt, epina oswa bwokoli

Tanpri kontakte FCS Omwen 24 èdtan Anvan Egzamen W Lan Si W Pa Kapab Fè Randevou W Lan. Oswa si ou gen nenpòt kesyon sou pwosedi a oswa rejim alimantè ou.

---

[FLCancer.com/PatientEducation](http://FLCancer.com/PatientEducation)